Ассаламу гIалайкум!

# ГЪУДУЛЛЪИ

№30-31 (9577-9578)

2014 соналъул 25 апрель

РУЗМАН

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

## ТЕРРОРИЗМАЛДЕ ДАНДЕ КЪЕРКЬЕЙ – ЩИВАСУЛ НАЛЪИ

*(АТКялъул заседаниялдасан)*




Цебеккун лъазабун букIахъе, 16 апрелалъ райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана терроризмалде ва экстремизмалде данде къеркьеялъулаб комиссиялъул заседание.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул нухмалъулез, росабазул администрациязул бутIруз, лъай кьеялъул управлениялъул хIалтIухъабаз, районалъул организациязулгун учреждениязул нухмалъулез, районалъул имамас ва росабазул имамзабаз.

Заседание рагьана терроризмалде ва экстремизмалде данде къеркьеялъул комиссиялъул председатель МухIамад ПатхIулаевас.

Комиссиялъул хIалтIи байбихьилелде цебе гьес къокъго бицана Республикаялъул хIукуматалъул нухмалъулезулгун радал букIараб видеоконференциялъул хIакъалъулъ.

*Ахир 4 -5 гьум.*

*2014 -КУЛЬТУРАЯЛЪУЛ СОН*

## КЬУРДИ-ГIУМРУДУЛ РОХЕЛ ВА БЕРЦИНЛЪИ

***Пришел, как то человек к мудрецу и говорит:***
***«О мудрец, научи меня радости жизни»***
***Подумал мудрец и научил человека танцевать,***

Гьаб соналъул 15 апрелалда районалъул культураялъул рокъоб тIобитIана Зоя Абакаровалъул ва ГIумар Сиражудиновасул цIаралда, кIигояз гьабулеб лезгинка кьурдул «Полет танца» абураб республикаялъулаб конкурс.

Гьеб байбихьилелде цебе, радал сагIат 11 тIубараб заманалда, цо хасаб чIаголъи букIана Культураялъул рукъалда цебе. Къадазда чIван ругоан культураялъул хIакъалъулъ гIакъилал гIадамаз абурал рагIаби хъварал игIланалги.

Районалъул гIиссиналги чIахIиялги ракIарараб, культураялъул рукъалда цебе тIамураб, халатаб халичаялда тIаса рачIун щвана миллияб кьурдухъабазул ретIелги ретIун, республикаялъул батIи-батIиял районаздаса рачIарал конкурсалъул гIахьалчагIи.

Байрам баркун кIалъазе цеве вахъарав, районалъул культураялъул Управлениялъул нухмалъулев-МухIамад ГIумаровас абуна Россиялъул Президент В. В. Путинил Указалда рекъон 2014 сон рагIинабун бугила Культураялъул сонлъун.

*Ахир 2 - гьум.*



*Зоя Абакарова ва ГIумар Сиражудинов*

## БАЙРАМАЛЪУЛАБ КЪАГIИДАЯЛДА АНА

Санайилго гьадинаб заманалда Болъихъ росдал гIиссиналги чIахIиялги рахъуна ах-хур лъалъалеб лъим бахинабизе ва гьеб бачунел рахъал рацIцIад гьаризе. Гьезул гьеб хIалтIи кидаго уна ихдалил байрам хIисабалда , гьединан ана исанаги… Гьенире рахъиналъулъ кIудияб гIадлу-низам букIуна балъхъадерил. Киназего гIола гIицIго рузман къоялъ мажгидалъуб дибирас рагIинаби. Гьеб рагIинабиялдалъун апрелалъул 12 къоялъ гьеб ихдалил кIвар бугеб ишалде вахъана росдал кIинусгоялдасан цIикIкIун чи.





Радал рачIун гьез гьеб хIалтIи байбихьана лъел рахъил ахадасан гьелъул бетIер бугеб «Хандасса» абулеб бакIалде щвезегIан. Гьеб буго Чанхъо бугеб кьода гъоркьехун лъарал мухъалда.

Лъабгоялде гIагарун километралъул манзилалда ругел рахъал рацIцIиналда ва къачIаялда кIудияб хIаракатчилъи бихьизабун хIалтIулев вукIана щивав. Гьебги ва гьеб рахъинибе лъарал лъим бахинабиги лъугIана сагIат анцIила кIигоялде хIалтIилалде.

Гьелдаса хадур киналго ракIарула аскIобехун бугеб майданалде. Росдал дибир ГIумарица гьабула кIудияб гьари-дугIа. Гьеб гьабун букIана хIалтIи байбихьилелдеги. Аллагьас къабул гьарейги гьел!

Хадуб гьениб росдал администрациялъул бетIер М-Р. ГIусмановас рагьула росдал гIадамазул гIаммаб собрание. Гьениб гьоркьоб лъураб суал букIана цоараб соналда росдал администрациялъ гьабураб хIалтIул хIисаб кьей. Гьеб кьуна росдал бетIер М-Р. ГIусмановас. Араб соналда гIезегIан хIалтIи гьабуна росу берцин гьабиялъеги гIадамазул рукIарахъиналъулал шартIал лъикIлъизариялъеги,-ян бицана гьес. Гьединго рехсей гьабуна гьел хIалтIабазда тIад харж гьабурал бюджеталъулал гIарцазулги, цоцо гьаричIого хутIарал хIалтIабазулги ва исана хIисабалде росун ругезулги хIакъалъулъ.

Собраниялда кIалъазе вахъарав росдал дибир ГIумарица росдал гIадамал ахIана гIадлу-низамалде, санитарияб рацIцIалъи цIуниялде, боцIудасан ах-хур цIуниялде, ракь хIалтIизабиялде…

Къалъул какие заман щолеб букIиналъ собрание гIемер халат бахъинабичIо. Гьелъие хIажалъиги букIун батичIого букIине бегьула. Амма цо-цоязул гъур-гъури букIана росдал боцIуе жеги рохьдохъаби тун гьечIин ва гьабдобин….

**Ш. ГIАЛИЕВ.**

# КЬУРДИ-ГIУМРУДУЛ РОХЕЛ ВА БЕРЦИНЛЪИ

*Авал 1 себ.гьум.*

Культураялъул хIалтIухъабаз гьадинал тадбирал тIоритIиялъ халкъазда гьоркьоб бижинабула гьуинлъи ва гъунки. ЦIикIкIараб кIвар кьола халкъалъул миллияб культура, фольклор, умумузул гIадат цIи гьабиялъе ва цIуниялъе ва гIадамазул гьелде рокьи бижинабиялъе,-ян.




ТIоцебе, байрам баркун, кIалъазе рагIи кьурав районалъул бетIер М. ПатхIулаевас киназдаго баркана «Лезгинка» кьурдиялъул байрам.

-ХIурматиял тIаде рачIарал гьалбал, районалъул гIадамал, баркула нужеда исана лъабабилеб нухалъ районалда тIобитIулеб бугеб лезгинка кьурдул «Полет танца» абураб республикаялъулаб конкурс.

«Культура къураб бакIалда, жагьиллъи бергъунин» абурал Дагъистаналъул Президент Рамазан ГIабдулатIиповасул рагIабаз хитIаб гьабулеб буго нилъер обществоялда гьоркьоб культура цIи гьабизе ккеялде. Гьединлъидал культураялъул хIалтIухъабазда цебе чIун буго миллияб культура цIи гьаби гурebги умумузул кверзул махщелал, гIадатги, гIамалги цIидасан гьоркь букIухъе цIи гьабизе ккеялъул масъала. Жакъа къоялда культураялъул хIалтIухъабаз цIикIкIараб кIварги кьун, кIвахIги тун хIалтIи гьабизе ккола гIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьеялъулъ, гIолилазул творчество цебетIеялъе нухал ва ресал ратиялъулъ ва халкъалда гьоркьоб творческиябгун рухIияб рахъ бечед гьабиялъулъ.

Абула «спорталъулъ-бергьагиян бищун къуватав», лезгинка кьурдиялъул байрамалъул конкурсалда дица абила: «бергьаги бищун кьурдизе гьунар ва махщел тIокIал, тириял ва лебалал»,- абун.

Гьединабго рекIелъ бортулеб, магIна бугеб кIалъай гьабуна ДРялъул Культураялъул министерствоялъул халкъияб творческияб рукъалъул централъул директорасул заместитель Ирина АхIмадовалъ.

Гьелдаса хадуб РГВК каналалъул «Полифония» передача бачунев Марат Тимохиница Зоя Абакаровалъул ва ГIумар Сиражудиновасул цIаралда, кIигояз гьабулеб лезгинка кьурдул «Полет танца» республикаялъулаб конкурс рагьараблъун рикIкIана ва тIоцебе сценаялда цере рахъун кьурдизе жидерго бугеб махщел бихьизабуна ГIахьвахъ районалдаса кьурдухъабаз. Гьездаса хадур кьурдизе рахьарал Болъихъ районалъул кьурдухъабаз бихьизабураб тирияб, махщалилаб ва гьунар тIокIаб церерахъиналъ жюриялъулги, тIаде рачIарал гьалбадерилги, балагьизе рачIаразулги ракIал сагьвил гьаруна. Гьезул церерахъиналъулъ абизе бегьула дида бихьанин унго-унгояб кьурдиялъул роржин. Гьединабго махщалилаб букIана Гъуниб ва Унцукуль районазул кIигояз гьабулеб лезгинка кьурдул церерахъин.

Гумбет, Гергебиль, ЦIумада Хунзахъ, Шамильский районазул ва Хасавюрт шагьаралъул кIигояз гьабулеб лезгинка кьурди гьабиялъул церерахъинги букIана тирияб ва махщалида хIадур гьабураб.

Жюриялда гьоркьор рукIана «Поколение» ансамблялъул лъималазул хореографиялъул нухмалъулев Наби Салаватов, Хасавюрталъул «Эхо гор» ансамблялъул нухмалъулев Д. ХIасанов, «Молодость Дагестана» пачалихъияб ансамблялъул хIалтIухъан ва жюриялъул председатель-Р. ГIисаева.

«Полет танца» республикаялъулаб конкурсалъул гIахьалчагIазул церерахъиналъе къимат кьолаго жюриялъ хIисабалде босулеб букIана:

-лезгинка кьурди гьабиялъулъ тирилъи ва махщел;

-кьурдиялъулъ фольклоралъул аслу цIунун ва рагьун бугебищ;

-миллияб ретIа-къаялъухъ (костюмазухъ) балагьун.

Гьеб кинабго хIисабалде босун хадуб, жюриялъ «Лезгинка» кьурди гьабизе цере рахъаразул бищунго кьурдизе махщел ва гьунар тIокIал тIаса рищулаго тIоцебесеб бакI кьуна-Унцукуль районалдаса конкурсалъул гIахьалчагIазул церерахъиналъе, кIиабилеб бакI кьуна-Гъуниб районалъе ва лъабабилеб бакI кьуна-Болъихъ районалъе.

ТIоцебесеб бакI ккуразе кьунатIоцебесеб степеналъул диплом ва 10 000 гъурущ.

КIиабилеб бакI ккуразе-кIиабилеб степеналъул диплом ва 5000 гъурущ гIарац.

Лъабабилеб бакI ккуразе-лъабабилеб степеналъул диплом ва 3 000 гъурущ гIарац.

ЦIумадисезе щвана «Приз зрительских симпатий» абураб шапакъат. «Приз за лучший национальный костюм» абураб шапакъаталъе мустахIикълъана гIахьвалал.

Къокъаб хIасил «лезгинка» кьурди гьабизе цере рахъаразул цониги хутIичIо спонсоразул рахъалъа къиматал сайигьатал щвечIел.

Антракталъул заманалда, гIенеккаразул ракIал хIайран гьаруледухъ, роцIараб, берцинаб гьаракьалъ кечI ахIана Шамсият ПатахIовалъ. Махщалида накъираги хъван, гIенеккаразул ракIал асир гьаруледухъ, умумузул кечI ахIана Шапи НурахIмаевас.

КечI ахIизе бугеб гьунар бихьизабуна МухIамад МухIамадовас (Чичиков).

Гьединго сценаялда цере рахъун тирияб кьурди бихьизабуна ГIумар Сиражудиновасул гIагарай –Баху ХIажиевалъ ва гьезул дурц-Сайпудинов Шарапудиница.

Бищунго дир ракI асир гьабуна ГI. Сиражудиновасул бищунго гьитIинав лъималазул лъималазул вас (правнук) ШагIбан Сиражудиновас сценаялда цеве вахъун гьабураб тирияб кьурдиялъ.

Гьелдаса хадув, рохалилаб тадбир баркун, кIалъазе вахъана АнсалтIа росдал жамгIияв хIаракатчи- Лабазанов МухIамад. Гьеб тадбиралъул ахиралда кIалъазе рагIи кьурав Болъихъ районалъул телеведущий, экологиялъул районазда гьоркьосеб комитеталъул председатель А. МухIамадовас киназдаго баркана Зоя Абакаровалъул ва ГIумар Сиражудиновасул цIаралда, кIигояз гьабулеб лезгинка кьурдул «Полёт танца» абураб республикаялъулаб конкурс.

Жакъа жив чIухIарав ва вохарав вугила дунялалдаго машгьурав кьурдухъан ГIумар Сиражудинов-АнсалтIа росулъа, жиндир росуцояв вукIиналдаса. Кьурдизе бугеб кутакаб махщелалъ батила цохIо Дагъистаналда ва Россиялда гурел, дунялалдаго машгьурлъарал ГI. Сиражудиновасул ва З. Абакаровалъул «Лезгинка» кьурдиялъул церерахъин.

Гьелъги батила Парижалда французазцин рахъунги чIун хъат чIвалеб букIараб гьезул гьунаралъе.

ЦохIо кьурдизе гуреб, кечI ахIизеги махщел буго ансадерил. Лъиего балъголъи гьечIо республикаялдаго машгьурал кочIохъаби-Хадижат Жамалудинова, Руслан МухIамадов, ГIайшат Айсаева, Шамо, Рауф, Хатима ва рикIкIен гIемерал цогидал кочIохъабиги ва композиторалги рижараб росу кколеблъи АнсалтIа росу.

Тадбир лъугIун хадуб, конкурсалъул гIахьалчагIазе ва тIаде рачIарал гьалбадерие рагьана банкет.

**Зама-заманалдаса гьединал тадбирал тIоритIиялъ рес кьезе буго республикаялъул халкъазул миллияб кьурдиялъул махщел цебетIезабизе, фольклоралъул аслу цIунизе ва цIи гьабизе. ГIун бачIунеб гIелалъул миллияб кьурдиялъул хореографиялъулаб искусствоялдехун рокьи бижинабизе.**

*З. ГIУМАРОВА.*



# НИЛЪ ЦIИЛЪИЗЕ ККОЛА…

Данделъабазда гIемер кIалъазеги газетаздеги журналаздеги хъвадаризеги бокьуларо дие. Гьелъие гIиллалъунги батизе бегьула школалда ракI-ракIалъго, сваказегIан кIалъалей йикIин. Амма араб соналда букIараб районалъул педагогазул августалъулаб совещаниялда кIалъазе дие рагIи кьедал, дун йохана. Щай гурелъул, рекIел унтиялъул бицинеги, пикраби дандразеги ва гIемерисел гIумруялъулаб жавабчилъиялдегун бичIчIибуголъиялде ахIизеги рес щведал.

Педагогалги ва цогидалги, нилъ гьадин бегьуларо! ГьадигIанго жавабчилъиго гьечIого гIумру гьаби битIараб гьечIо. Гьеб ккола гIун рачIунел гIелазда цебе такъсирчилъилъунги нилъерго умумузул рухIазе хиларлъилъунги.

Гьелдейищ нилъ ругьун гьарурал нилъерго эбел-инсуца, гьединабищ букIараб нилъее кьураб тарбия?! Киб бугеб бихьинчиясул рагIи, киб бугеб чIужугIаданалъул рухIалда барахщи гьечIеб таваккал?! Киб бугеб нилъер магIарул яхI-намус?!

Цебе умумуз лъие бугониги лъикIаб къимат кьолаго абулаан: «Унго-унгояв магIарулав», «Унго-унгояй магIарулай»,-ян. Гьеб букIана гьесул, яги гьелъул хьвада-чIвадиялъеги, адаб-хIурмат, яхI-намус буголъиялъеги, захIмат бокьиялъеги, умумузе ва гьезул гIадатазегун бахIарчилъиялъе ритIухълъиялъе ва сундулъго рацIцIалъи цIуниялъе кьолеб букIараб тIадегIанаб къимат. Гьеб гIорхъи бахиналъ нилъ кинаб хIалалдеха жакъа рачун ругел?

-Лъаларо, амма мухIканаб букIин лъала, нилъ лъалхъулел гьечIони, къан бетIерги ккун ургъичIони, нилъ канлъуде рачунеб гIатIидаб ва битIараб шагьранухде бугеб сухъмахъ батичIони, нилъ хутIизе руго гьерсазулъ, цоцада божунгутIиялъулъ, цоцадехун бугеб рокьукъалиялъулъ, цогидасул магIишатяшав лъикI букIиналде хIал хъублъиялъулъ ва ццидахиналъулъ гIумру гьабулел.

Нилъ рукIине руго бечедазда, кверда рацIцIадал гьечIел начальниказда цере хIакъирлъиялда, долларазе, гIарцуе, хириял машинабазе гIоло ричизе руго лъикIал гьудулзаби, хIелхIедизе руго тIадчагIазе ва социалияб рахъалъ нилъедасаго гIодорегIан ругел рикIкIине гьечIо.

Эбел-инсуца тарбия кьолеб гьечIо жиде-жидер лъималазе. Гьелъие гьезул заман батулеб гьечIо. Кинаб тарбия букIинеб бокьараб закон ва нилъерго рагIи нилъееего дандекколедухъ хвезабулеб бугони, лъималги интернеталъулгун компьютеразул, гIасиял, чIвадарухъанлъиялъулал фильмабазул квешал, къуваталъ квачIазухъе рехун тун ругони щиб букIинеб нилъер?



Эбелалъул свакараб хIухьел цIайи рагIиндал цо параялънигицин ватIалъизе вугищ вас экраналдасан, мониторалдасан, яги рагIинегоцин рагIинадай эбелалъул гьеб угьи?

Гьел, нилъер лъимал, гьединал рекIелгъеялъулал хIаялги чIалгIун, жидеего гьудулзаби ралагьизе къватIахъеги ун, гьудуллъиго лъаларезул сверухъе ккани, щиб гьабилеб…? ХъахIбалъи, наркотикал, казино, рулетка… Гьеб мехалда гьеб кино гуро, гьеб буго нилъер гIумруялъулъе бачIунеб кIутIи. НуцIбигун гордалищ рахалел? Гьеб данде кколаро, инсан вижарав вуго туснахъалъув вукIине гурев, берцинаб гIумру гьабизе.

***Щиб гьабизе кколеб? Кин цIунилел лъимал ва кин гIумру гьабилеб нилъецагоги гьаб захIматаб дунялалда?***

Дида лъала щиб гьабизе кколебали. Жакъа нилъее талихIалъго шанс щун буго. Гьединаб талихI кьоларо нусго сонида жаниб цо нухалъ гурони.

Нилъер ваккана щивасда ва киназдаго рагIунедухъ «Гьадин гIумру гьабизе бегьуларо ва нилъеца гьадин гIумру гьабизе гьечIо»-ян абурав цевехъан (лидер). Гьел гуро берцинал рагIаби ва гьев чи циндаго гуро нилъер гIумруялъулъ вакарав. Гьев вуго гIакъилав, цIодорав, Кремлялъул политическиял кулуаразухъ лълъадарарав, жиндир мурад-дунялалъул берцинлъуда бугеб мугIрузул, жиндир хIакъалъулъ абиялгун биценал гIемерал улка Дагъистаналъе, гьелъул тIолалго гIадамазе талихIаб, роцIараб гIумру гуреб, цогидаб щибниги къваригIун гьечIев, аралъеги, бугелъеги ва букIинеселъеги къимат кьезе лъалев политик. Гьев чияс нилъее рес кьолеб буго накаде ккаралъуса рахьинеги, цIияб къагIидаялда гIумру гьабизеги, нилъерго къадру-къимат, намус, эркенлъи тIад буссинабизеги, намус-яхI гьечIев хIарамзадиде «Йохь»-ян абизеги ва халкъалъул буголъи бикъулев вугев цIогьорасул квер кквезеги.

-Нилъеца гьеб рес ва шанс борчIизе биччани нилъерги тIолалго дагъистаниязулги, мугIрузул улка ва гьелъие талихI бокьулезулги ва республикаялда гIумру гьабулев вугевщинасулги багьа-къимат беццаб шагьи букIина.

Хасго дица хитIаб гьабулеб буго руччабазде, улбузде ва яцазде. Дир хириял! Нилъер загIипал кверазухъ буго кIудияб къуват, нилъеца жиндир заманалда абураб рагIуда гIумру цIунизе кIола.

Рукъоб бугеб къварилъи гьелъул хважаиналда гIадин лъикI дунялалда лъиданиги лъаларо ва эбелалъул гIадин ракIги лъилго унтуларо.

Ралагье нилъер хабалазде. Ахираб заманалда гьениб бугеб щибаб кIиабилеб хоб гIолохъанал васазул ва ясазулгицин буго. Унтабаз гуро гьел гьенире рачарал. Гьел руго балагьазде ккарал. Гьез хвезаруна тIабигIаталъул, обществоялъул законал, Аллагьасул рихьизарял, гьезда кIочана нилъер культура, гIадатал, хIатта лъалелго рукIун ратиларо. Щай гурого, беццаб эркенлъиялъги, гьересидемократиялъги, чIахIиял гIарцазги, долларазги гьезул бутIрул сверизаруна, гьоркьияб тIаде сверизабуна нилъер чIухIилъун рукIарал киналго рухIиял бечелъаби. Нилъеца гьел бечелъаби кьечIо нилъерго лъималазухъе. Гьеб нилъер хIакъалъе рецIелллъун ккола 20 сонилав гIолиласул хабада бугеб гамачI.

МагIарул руччаби, дир хириял улбул, яцал, ясал! Нилъеда бажарула гьеб балагь чIезабизе, нилъер рукъзабахъегун ракIазухъе гьезие нух къазе. ГIицIго хIажалъула хIурматияб ва бацIцIадаб ракIалде щвезабизе ва цIализе. Гьале дихъ кодоб буго талихIалъул тIехь «Букет хадисов». Нилъеца гIумру гьабулеб бугони Къуръаналъул хIурматиял аятазда ва гьел хIадисазда рекъон, нилъ, нилъеца нилъееего гIадлу гьабураллъун ва цIунараллъун рукIуна. Нилъерго букIинесеблъун кколел нилъерго лъималги гьелде ругьун гьари ккола, нилъер тIадаб нальилъун гуребги, Алжаналдехун бугеб нухлъунги.

Нилъеца хIехьарал ва жеги хIехьезе ккезе бегьулел балагьалги къварилъабиги ккола нилъер мунагьазе, тIадегIанаб рухIияб культураялдасан нилъ кьуриялъе гьабулеб жазалъун.

Дица нуж ахIулел гьечIо некIсиялде, ахIулел руго нилъерго гвангъараб, талихIаб букIинеселде, дунялго бахилаллъун рукIарал нилъерго гIадатазде, культураялде, бищунго цебе нуже-нужерго ракIазулгун ва хъизамазда ругел гIунгутIабазулгун гъазават гьабизе. Гьелде нуж ахIулел руго 40 соналъ школалда учительлъун хIалтIараб намусалдалъун.

Нужеца лъималазулъ рокьи бижинабе захIматалде, рокьукъалъи бижинабе кIвахIаллъиялде, такъсирчилъиялде, бичIчIинабе захIматалъ гурони хьихьулареблъи. Лъималазул букIине бегьуларо цо минутниги эркенаб заман. Кинаб бугониги лъикIлъизе рачунареб телевизоразда цере течIого, риччанте гьел спорталде, кьурдизе, кечI ахIизе, КъургIан цIализе, суратал рахъизе, рукъаризе.

Лъимал, хасго ясал, цIалуде ругьун гьаре. Дида кIочонаро «Ясал цIализаре, цIаларал ясал хIалтIуде руссуна, цIаличIел ясал рокьуде руссуна»,-ян абурал рагIаби.

Эбел-инсуца лъималазе толеб бищунго кIудияб бечелъилъун ккола гьезие кьураб лъикIаб тарбия. ТIаде эбел, эмен яги бокьарал кIудиял гIадамал рокьоре рачIиндал, тIаде рахьин, дандккарасе салам кьей, хIажалъи ккедал мадугьаласе кумек гьабизе гIедегIи гIадал тIадегIанал хасиятазде ругьун гьаруна нилъ. Гьеле, гьелде ругьун гьаризе ккола эбел-инсуца гьанжесел лъималги, ругьун гьаризе ккола жидерго мисалалдалъун..

Нуже-нужер лъималгун гIагарда гурел, цадахъ рукIа. РагIудалъун гуреб, нужерго мисалалдалъун ругьун гьаре лъимал гIумру гьабизе. Гьеб мисал букIине ккола кинабго рахъалъ. Эбелалъулги инсулги рахъалъ кинал ругониги квешал хасияталал, хасго гьекьолди, тамахьо цIай, цоцал адаб рехи, захIматалдехун кIвахIаллъигIадал квешал мисалал рукIине бегьуларо.

РацIцIалъи ккола сахлъиялъулги талихIалъулги къучI. РачIа тIоцере нилъерго ракIазулги, пикрабазулги, хьвада-чIвадиялъулги хасиятал квешлъиялдаса рацIцIад гьариялъе кьерквезе. Биччанте рацIцIалъи букIине нилъер ракIазулъ гуребги, нилъер къватIахъги, рагьабазухъги, росабалъги!

Рокьизе ва хIурмат гьабизе ккола нилъер россабазул-нилъерго лъималазул эменазул. Нилъерго ясазе талихI бокьани, гьелде ругьун гьаре ясалги. Ругьун гьаре нилъерго васал щияй чIужугIаданалъулъги, гIолилазулъги жинди-жиндир эбел, яц йихьизе ва гьездехун хIурматалда балагьизе. Гьелдалъун нилъеца нилъерго васал цIунизе руго чорокълъиялдасанги, риччарихьантеялдасанги.

«Эбелалъул хIатIикь буго Алжан», «Васасдасан Аллагь рази вукIуна, гьесдасан эмен рази вугони»,-ян буго кьучIаб хIадисалда.

Нилъее хIажалъуларо къватIисан насихIатчагIиги, учительзабиги, малъарухъабиги. Гьезул ракIазулъги, пикрабазулъги рахчун рукIуна жидерго хасал, кватIичIого нилъ балагьазде рачунел мурадал. Дагъистаналъул жидерго руго гIелазе бечедаб рухIияб ирс тарал ва нилъ рухIияб рацIцIалъиялде ахIарал МухIамад Ярагский, Жамалудин Казикумухский, имам Шамил, Сайфула къади, Р. ХIамзатов гIадал дуналалдаго цIар арал рухIиял церехъабиги, щайихзабиги, гIалимзабиги ва поэталги.

Нилъее хIажалъуларо бащдаб черх къватIиб лъолеб ратIлил чияр модабиги гIалхулал причёскабиги. Нилъерго буго нилъер миллияб ратIлил кутакалда берцинаб форма.

РачIа нилъерго чодаги рекIун церехун ине, чияр чоца нилъ хеккого гьоркье рехула.

Нужерго лъимал ругьун гьаре росу-миллат цIехечIого, гIадамал рокьизе, гьезул хIурмат гьабизе. Дагъистан кидаго къуватаб букIана гьудуллъиялдалъунги цадахъ рекъон иш гьабиялдалъунги.

Лъимал ругьун гьаре гьудулзаби ралагьизеги лъидасан рикIкIад чIезе кколел лъалеллъунги.

Дун божарай йиго, чIахIи-чIахIиял гIарцаздалъун тIиритIизарулел ругел хасаб мурадалъулал чорокал харбаздаги бугьтаназдаги божичIого ва гьел тIиритIизе нилъгоги лъугьинчIого, Дагъистаналъул цIияв Президент Рамазан ГIабдулатIиповасда сверунги гьункун, нилъерго ракIбацIцIадаб, цIогьгун коррупция гьорлъ гьечIеб, захIматалдалъунги, Дагъистаналде хIакъикъияб рокьиялдалъунги, сундулъго нравственнияб рацIцIалъи цIуниялдалъунги гьесул рахъ ккуни, Дагъистан ва дагъистаниязул, гьезда цадахъ нилъерги гIумру лъикIлъизе букIиналда.

*Жамиля ХIАМЗАТОВА, МигIарсо росдал школалъул директорасул заместитель, ДРялъул мустахIикъай учитель.*

# ТЕРРОРИЗМАЛДЕ ДАНДЕ КЪЕРКЬЕЙ –

*Авал 1 себ.гьум.*

-Республикаялъул нухмалъулев Рамазан ГIабдулатIиповас гьабураб хIалтIуда, гьесул политикаялда рази гьечIезул къукъаялъ гьал къоязда МахIачхъалаялда тIобитIун буго митинг.

Дагъистаналда бугеб ахIвал-хIалалъул ракI унтарал, халкъалъе лъикIлъиги цебетIейги бокьарал гIадамаз, митингал гIуцIулел рукIинчIого, Республикаялъул нухмалъулесул политикаялда тIад рекъон, гьесие хIалае рахъун ракIбацIцIадго хIалтIи гьабуниго пайда цIикIкIараб букIинароандай?

Гьанибго абизе ккела, нилъер районалдаги руго жидерго разилъи гьечIолъи загьир гьаби гуреб цониги жо бажаруларел гIадамал. Нилъер район буго гIадлу бугеб, кинабго рахъ рекъараб район. Амма гьединаб мекъаб гIамал-хасият хьвадизабулел цо-цо гIадамаз районго суризабулеб буго,-ян абуна районалъул нухмалъулес.

Терроризмалде ва экстремизмалде данде кьеркьеялъул комиссиялъул хIалтIул бицунаго МухIамад ПатхIулаевас абуна:

-Дагъистаналда бугеб ахIвал-хIал нилъеда киназдаго бихьулеб буго. Къойилго гIадин чIвалел руго гIадамал, хасго гIолилал. Кинаб рахъалда ругониги батIалъи гьечIо, гьел руго дагъистаниял.

Эбел-инсудасан байбихьун бичIчIикьеялъулаб хIалтIи гьабизе ккола росабазул администрацияз, школалъ, жамагIаталъ ва имамзабаз цадахъ рахъун. Мекъаб рахъалде гали тIамуни, кинаб хIасил ккезе бугеб лъазе ккола гIолилаздаги гьезул эбел-инсудаги. Законалда данде кколарел ва такъсирияд ишал цо-цо чагIаца гьабиялъ рачунел руго бусурбабаздеги тIолабго исламалдеги рокьукълъи бижинабиялде.

Цебе заманалда берцинал мугжулги тарал жамагIатчагIи рукIунаан годекIабахъ хабаркIалалда. Гьезда лъицаниги абулароан вагьабиял абун. Жакъаги мегеж тунилан яги къокъаб тIажу ретIунилан абун, исламалдеги законалдеги данде кколареб хьвада-чIвади гьечIони, вагьабияв вугилан абун чиясда гIайиб чIвазе бегьуларо. Амма гьелъул гIаксалда батани, гьесулгун кьварараб хIалтIиги гьабизе ккола,-ян абун.

Хадуб гьес докладгун



цеве вахъине рагIи кьуна райадминистрациялъул бетIерасул хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ заместитель **ГIабдулдибир ГIабдулдибировасе.**

-Гьалмагъзаби,-ян байбихьана гьес,- районалъулги росабазулги администрациязул хIаракатчилъиялъул приоритетнияб рахълъун ккола терроризмалде ва экстремизмалде данде кьеркьей.

Гьеб суал хасаб къагIидаялда гьоркьоб лъуна райадминистрациялда ва къабул гьаруна, районалъул бетIерас тасдикъ гьаруна хасал программаби. Масала, гьезул цояб буго 2013 соналъул декабралда районалъул бетIерасул хIукмуялдалъун тасдикъ гьабураб «информационное противодействие идеологии экстремизма и терроризма в Ботлихском районе на 2014-2016 годы» абураб. Гьебги цогидалги программаби гIумруялде рахъинариялъе гьаризе кколел тадбиразул руго хасал планал.



Аслияб къагIидаялда терроризмалде дандечIеялъулаб хIалтIи гьабулеб буго правоохранительниял органазул гIахьаллъигун. Терроралъулаб хIинкъи тIатинабиялъе, гьелдасан цIуниялъе, гьелъул гIиллаби лъазариялъе ва гьелдасан рорчIиялъе киналго субъектаз гьабулеб хIаракатчилъи цадахъ рекъараб букIиналъе нухмалъи гьабулеб буго районалъул антитеррористическияб комиссиялъ.

2013 соналда гьеб комиссиялъ тIобитIана 9 данделъи, гьенир гIахьал гьаруна правоохранительниял органазул, росабазул администрациязул, школазул нухмалъулел. Гьенир гьоркьор лъун хал гьабуна терроризмалдагун экстремизмалде данде кьеркьеялъулаб хIалтIул бугеб хIалалда, церечIарал масъалабазда, терроризмалъулабгун экстремизмалъулаб хIаракатчилъиялдасан инкар гьабизе бокьаразулгун хIалтIи гьабиялда хурхарал суалазул. Терроризмалде ва экстремизмалде данде кьеркьеялъул программа гIумруялде бахъинабиялъе 2013 соналъ райадмини страциялъ харж гьабуна 150 азарго гъурущ.

Гьелде тIадеги районалъул собраниялъул хIукмуялдалъун биччан буго 2,5 миллион гъурущ, Болъихъ росдал киналго централиял къватIаздаги гIемерал гIадамал ракIарулел бакIаздаги 43 видеокамера лъезе.

Киналго росабалъ тадбирал гьарун руго халкъиял дружинаби гIуцIиялъе. Гьеб хIалтIи лъикI гIуцIун бугин абизе бегьула Гъагъалъ, Муни, Кьохъ росабалъ. Гьезул дружиниказ гIахьаллъи гьабулеб буго росабалъ жамгIияб гIадлу-низам цIуниялъе участковиял инспекторазул хIалтIулъ. Районалда дружиниказул къадар бахун буго 562 чиясде.

Гьебго заманалда абизе ккола ГIанди, Гъодобери, Болъихъ ва АнсалтIа росабалъ терроризмалдегун экстремизмалде данде гьабулеб профилактикияб хIалтIи гIураб гьечIилан. Экстремизмалъулал хIужаби раккулел руго ГIанди росулъ. Гьезда бан гьеб росдал территориялда терроризмалде дандечIараб операция гьабуна къуваталъулал гIуцIалабаз. Районалъул гIемерал росабазул администрациязул терроризмалдегун экстремизмалде дандечIеялъулаб хIаракатчилъиялъе риччалел гьечIо гIарцал.

Районалда хIалтIулеб буго цогояб информациялъулаб къо. Гьеб къоялъ райадминистрациялъул, учреждениязулгун организациязул ва правоохранительниял органазул жавабиял хIалтIухъаби уна росабалъе ва дандчIвала росабазул гIадамалгун.

Экстремизмалдасан цIуниялъе профилактикияб хIалтIи лъикI гIуцIун буго районалъул лъай кьеялъулал учреждениязда. Классалъулал сагIтазда гьоркьор лъолел руго «Щаклъи бугеб предметалде тIаде ккани, гьеб бихьани нужеца щиб гьабилеб?», «Терроризм-общественное бугеб хIинкъи», «Терроризмалъе бакI гьечIо» гIадал ва цогидалги темаби. Цо-цо школазда цIалдохъабазе бихьизабулеб буго «Вагьабизм» абураб кино, хадуб гьеб гьоркьоб лъолеб буго. 2013 соналъул 3-4 сентябралда терроризмалде рагъ баялъул рахъ кколеб къоялда районалъул росабалъ букIана «Нижее хIажат буго ракълилаб Дагъистан» абураб акция. РакIалде щвезаруна террористазул квералдасан хварал, кьабуна цIумурал, рукIана минуталъулал сихIкъотIиял.

2013 соналда наркоконтролалъул районазда гьоркьосеб хъулухъгун цадахъ районалда тIоритIана «Молодежь против терроризма», «Молодежь против наркомании»-абурал акциял.

Терроризмалъулгун экстремизмалъул хIакъалъулъ информациялъулаб хIалтIулъ гьабулеб гIахьаллъи лъикIлъулеб буго районалъул СМИязулги.

Райадминистрациялъул хIалтIухъабаз цадахъ специалисталгун зама-заманалда хал гьабулеб буго райцентралда ругел исламиял тукабазул. Гьезул мурадлъун ккола экстремизмалъулаб литература тIатинаби. Амма гьединал хIужаби ратичIо.

Профилактикияб хIалтIул захIматаб суаллъун ккола къватIисел улкабазул цIалул диниял заведениябазде унел гражданазда, хасго гIолилазда хадуб халкквей букIинаби. Нилъерго республикаялда диниял лъай щвезабиялъе киналго шартIал ругониги гIолилал къватIире иналъул суал жеги рагьун хутIун буго.

ВУЗазда цIализе ва цогидалги мурадалгун унезда хадуб халкквей букIинабиялъул кIвар бугониги гьеб гьабулеб гьечIо.

Терроризмалдеги экстремизмалдеги данде гьабулеб кьеркьеялъул профилактикияб хIалтIи лъикI гIуцIун буго МигIарсо росдал администрациялъ (бетIер Руслан МуртазагIалиев).

Гьеб рахъалъ лъикIаб хIалтIи гьабизе ресал руго росабазул культучреждениязул. Амма гьез гьел ресал хIалтIизарулел гьечIо ва гьеб рахъалъ кинаб бугониги хIалтIиги гьабулеб гьечIо. Росабазул бутIруз гьел учреждениязул хIалтIи жиндаго жибго тун буго. Зило, Кванхидалъ росабалъин абуни библиотекабазул штатал къан руго.

Нилъеца, хасго росабазул администрацияз хасаб кIвар кьезе хIажат буго гIолилазда гьоркьоб идеологияб хIалтIи гьабиялде, гIун бачIунеб гIел цебетIеялъе шартIал гIуцIиялде.

ЛъикIлъизабизе ккола росабазул администрациязул хIаракатчилъи, росабазул чIахIиял чагIазулгунги ветераназулалгун гIолилазулал гIуцIалабазулгунги, диниял церехъабазулгунги гьезул бугеб бухьен ва цадахъаб хIалтIи.

ХIаракатаблъун гьабизе ккола халкъиял дружинабазул хIал, гьел хьезаризе ккола материалиялгун техническиял хIажалъабаздалъун.

Росабазул культучреждениаби хьезаризе ккола материально-техникияб базаялдалъунги бажари бугел кадрабаздалъунги.

# ЩИВАСУЛ НАЛЪИ

Ургъизе ккола къватIисел пачалихъазде цIализе унел гIолилазда хадуб хъаравуллъи гьабиялъул ва лъикIаб гуреб хIал бугел улкабаздасан гьел нахъе ахIиялъул къагIидабазда тIад.

ГIицIго цадахъаб къеркьеялдалъун ккезе буго терроризмалдеги экстремизмалдеги данде нилъеца гьабулеб хIалтIул хIасил.

Гьелда хадув кIалъазе вахъарав лъай кьеялъул управлениялъул начальник **ХIажигIиса**



**ИзмагIиловас** 2014 соналъул тIоцебесеб кварталалда жаниб гьабураб хIалтIул, экстремизмалде ва терроризмалде данде чIеялда хурхун хадубккунги гьаризе хIисабалде росун ругел тадбиразул къокъабго баян къуна.

Жиндирго кIалъаялъулъ гьес аслияб кIвар буссинабуна школаги, росдал жамагIатги ва росабалъ ругел пачалихъиял идарабиги цадахъ рекъон терроризмалде ва экстремизмалде данде къеркьезе кколел рукIиналде.

-Районалъул лъай ва тарбия кьеялъул киналго учреждениязда гьарун руго терроризмалдегун экстремизмалде дандечIеялъул хасал планал. ХIинкъи гьечIолъи цIуниялъул органазул хIалтIухъабигун цадахъ киналго коллективазда гIуцIун руго терроризмалде дандечIеялъул группаби.

Лъималазул эбел-инсулгун собраниял гьарун бичIчIизабула гьезда щиб жо кколеб терроризм ва экстремизм, пачалихъалъе ва диналъе гьез гьабулеб бугеб кIудияб заралалъул хIакъалъулъ.

ХI. ИзмагIиловас гьединго бицана гьаб соналъул 20 февралалъ тасдикъ гьабураб республикаялъул лъай кьеялъулгун гIелмабазул Министерствоялъул №868 приказалда рекъон, районалъул киналго цIалулгун тарбия кьеялъул учреждениязда гьоркьоса къотIичIеб хъаравуллъи гIуцIун бугиланги.

Жакъасеб обществоялъе диналъул ва диниял чагIазул бугеб кIваралъулги бицун, районалъул бетIерас кIалъазе рагIи кьуна **районалъул имам СулейманхIажие.**

Данделъаразе саламги кьун СулейманхIажица абуна:

-АлхIамдулиллагь, гьадинаб эркенлъи нилъее щун буго дин гьабиялъе.

Жиндирго кIалъаялъулъ районалъул имамас аслияб кIвар кьуна Дагъистаналда бугеб политикияб ахIвалхIалалъул.

Гьеб суалалда хурхун Дагъистаналъул Муфти АхIмадхIажица Левашиб букIараб гIатIидаб данделъиялда гьабураб кIалъаялдаса мисалги бачун СулейманхIажица абуна.

-Машина бачунев чиясухъа цогидав руль бахъизе, жиндиего бокьаралъубе гьеб кьуризе лъугьани, хIасил кинаб кколеб нилъеда лъалаха. Щивав чияс жиндаго тIадкъараб хIалтIи гьабизе ккола ракIбацIцIадго.

КIиго чи данделъараб бакIалда политикаялъул бицунелги хIакимзаби какунелги рукIунел руго.

ХIакимзабаз жаваб кьела Аллагьасда цебе.



Нилъеца гьабураб гIамал ккола нилъеда тIад тарал хIакимзаби. ГIалам лъикI хьвадани, лъикIал хIакимзаби тIамула.

Диналъул рахъалъул бицани, дин гьабизе камураб жо щибгIаги гьечIо, гьеб гьабизе гьукъулев чиги гьечIо. Ран руго мажгитал, мадрасаби. ТIадеги гьел ралелги руго. Дин тIалаб гьабизе бокьарасе киналго шартIал руго чIезарун. Экстремистал щал кколел, щиб къваригIарал чагIи гьел ругеб дибирзабаз вагIза гьабун жамагIаталда бицине ккола.

СулейманхIажие баркалаги кьун М. ПатхIулаевас абуна:

-Дагъистан буго динияб рахъалъ цебетIураб, машгьурал гIалимзаби жанир ругеб бакI. Цебе заманалда гIарабиялъцин дарсал кьолел рукIун руго нилъер гIалимзабаз. Гьанже абуни, цо-цоял дин тIалаб гьабун абун багьанаги батун, унел руго къватIисел пачалихъазде. КъваригIарав чиясе бацIцIадаб динги гIалимзабиги руго Дагъистаналда.

Хадув кIалъазе вахъарав ГIанди росдал имам Тулпар-хIажица абуна нилъер гIолилал рохьабахъе иналъе гIиллалъун рикIкIунеб бугила цо-цояз гьезие хIалтIи гьечIолъи, магIишат гьабизе рес гьечIолъи. Амма гьеб гьедин гьечIилан абуна Тулпар-хIажица.

-Бищунго магIишат бугел, лъай бугел гIолилал кколел руго гьезда гьоркьоре. МагIишатияб рахъ кколаро гьелъие гIиллалъунги.

ЖамагIатазги эбел-инсуцаги, цо нухалъ гьабун течIого, гьоркьоса къотIичIого хIалтIи гьабизе ккола гIун бачIунеб гIелалъулгун. Нилъерго лъимал питнаялде гьоркьоре нилъеца риччазе бегьуларо.

Мажгиталъув вугев Загьидихъе цоязулгун дагIба-рагIи ккарав ХIасан вачIун вуго гьев жиндиего хIалае ахIизе. Амма Загьид къватIивецин вахъун гьечIо. Щай мун дие кумекалъе вахъичIев?- абун ХIасаница цIехедал Загьидица абун буго:-Мун гьалбацIалъ кълулчIулев вукIаравани, ХIасан, дуда хадув дун гьелъул кIалдиве лъугьине вукIана. Дуца дун ахIулев вукIана питнаялде гьоркьове, гьенив дун вачIунаро,-ян. Питнаялдаса нилъго цIунараллъун рукIине ккани дандбан, школаздаса байбихьун хIалтIи гьабизе ккола.

Районалда бугеб жанисел ишазул отделалъул начальникасул ишалтIуралев Г. ГIабдулбасировас, прокурорасул заместитель Ж. ЖабрагIиловас, районалъул ФСБялъул начальник А. ГIамирхановас къокъго бицана терроризмалде ва экстремизмалде данде къеркьеялъул суалалда хурхун гьел идарабаз гьабулеб хIалтIул хIакъалъулъ. Аслияб кIвар гьез буссинабуна гьеб суалалда сверухъ росабазул администрациязда ва жамагIатаз хIалтIи гьабизе кколеб букIиналде.

Данделъи лъугьун хадуб, райадминистрациялъул бетIерасул хIинкъигьечIолъиялъул рахъалъ заместитель ГI. ГIабдулдибировас цIалана заседаниялъул Протокол.

**А.Агъларов**

# ПРОТОКОЛ № 2

**расширенного заседания АТК в муниципальном районе «Ботлихский район»**

Председательствовал

Патхулаев М.М.: - глава МР «Ботлихский район», председатель АТК

Присутствовало всего _._ человек (список прилагается)

Открыл и вел заседание глава района М. Патхулаев

**Повестка дня**

**О состоянии работы и первоочередных задачах органов местного самоуправления, общественных и религиозных объединений в области противодействия экстремистской деятельности и терроризму**

(Патхулаев М.М., Абдулдибиров А.М., Абдулбасиров А.А., Амирханов А.Н., Измаилов Г.М.)

Заслушав и обсудив информации участников заседания, антитеррористическая комиссия решила:

1.Рекомендовать отделу МВД России по Ботлихскому району, отделу в с.Ботлих УФСБ по РД в целях повышения эффективности работы по обеспечению законности и правопорядка, противодействию экстремизму усилить взаимодействие с Советами старейшин, ветеранскими и религиозными, молодежными организациями;

2.Отделу по работе с сельскими поселениями, религиозным объединениям и общественностью АМР «Ботлихский район» ( Магомедов П.Б.), совместно с администрациями сельских поселений, религиозными организациями продолжить работу по организации и проведению мероприятий, направленных на духовно-нравственное воспитание населения;

2.1. Продолжить работу по государственной поддержке религиозных организаций в рамках реализации государственной программы

«Взаимодействие с религиозными организациями в Ботлихском районе и их государственная поддержка на 2014-2016 годы;

3.Продолжить распространение информации, представляемой НАК России и АТК в РД и размещаемой по адресу в сети Интернет в СМИ для опубликования в районной газете «Дружба» и показать по местному телеканалу.

4. Рекомендовать главам сельских поселений принять необходимые меры по организации полноценного функционирования добровольных народных дружин, обеспечить их материально-техническую базу.

5. Заместителю главы администрации по общественной безопасности Абдулдибирову А.М., заместителю начальника отдела по работе с сельскими поселениями, религиозными объединениями и общественностью Абдулаеву О.А., совместно с главами сельских поселений, наладить эффективное взаимодействие с имамами мечетей, общественностью для организации диалога с населением, мирными жителями, проповедующими религиозные течения, родственниками вовлеченных в НВФ с целью их возвращения к мирной жизни и недопущения ухода в подполье.

6.Отделу по работе с СП, О и РО (Магомедов П.Б., Абдулаев О.А.) совместно с председателем районного Совета имамов Сулеймановым С.М., имамами мечетей организовать информационное освещение и обсуждение итогов работы Международной богословской конференции «Российские мусульмане: права и обязанности», состоявшегося 5-8 марта в Махачкале с участием делегации Всемирного союза мусульманских ученых во главе с генеральным секретарем Али Муххидином аль-Карадаги.

7. Контроль за выполнением данного протокола возложить на заместителя главы АМР «Ботлихский район» по общественной безопасности Абдулдибирова А.М.

# ВАГЬАБИЗМ ВА ГЬЕЛЪУЛ ХIАКЪИКЪАТ

Хадур гIунтIизе захIматаб, лъица щиб гьабулеб бугебали лъалареб, цо-цо къосарал къукъабаз гьереси уябльун ккезабизе, хIакъикъияб гьересилъун бихьизабизе жигар бахъулеб, инсанасул гIумруялъул капкил гIанги багьа гьабулареб, чIвайхьвей цIикIкIараб, питнаби гIемерлъараб заман буго гьаб.

Радио-телевизоралдасаги гIемер кьола, газетаздаги гIемер хьвала, рокъобгун къватIахъ гIадамазги гIемер бицунеб букIуна доба кибалиго мина, тIад гIадамалгун машина кьвагьизабун бугилан, гьоркьлъалие гIадамал ккун, чIван, рикьун рагIулиланги. ГIемерисеб мехалда гьел нахъегIанал къасдал гIумруялде рахьинарурал чIвадарухъабазда-террористазда аскIор рехсон рукIуна вагьабиялги. Щал ва киса раккарал чагIиха гьел кколел, вагьабиял?

Гьезул тарих байбихьанин абизе бегьула Англиялъул къватIисел улкабазулгунисел ишазул Министерствоялъул колониязе нухмалъулеб отделалда цебе хасаб идара хIалтIизе лъугьаралдаса. Дунялалъулго бечелъабазда тIад кверщел гьабизе Англиялъул нухмалъулел сверабазул мурадазе квалкваллъун букIана ислам ва гьеб билълъанхъизабулел пачалихъал. ГьединлъидаI XVIII гIасруялъул байбихьуда гьез хIукму гьабуна жанисанго ислам чучлъизабизе, гьелда хадур рильлъунезда гьоркьоб рикьи ккезабизе мурадгун бусурбабазул улкабазде нус-нус жасусал ритIизе. Гьелде цебеккунго гьабуна лъикIаб хIадурлъи: малъана Къуръан, лъазаруна исламалъул рукнаби. Англиялъул жасусазда гьоркьов вукIанаХемпер абулев чи. Гьесул макруяб гудракье ккана ГIиракъалъул Басра шагьаралда гIелму цIалулев вукIарав ГIабдулвагьабил вас МухIамад. Гьев гIолохъанчи вукIана жиндасаго живго чIухIарав, цIикIкIун жо лъалевлъун живго рикIкIунев, чорхолъ иман щулалъичIев чи. Гьелъ бажарана Хемперида гьесул бетIер сверизабизе, жиндаса бергьарав гIалимчи цоги гьечIин абурал макруял реццбакъалъул маргьуязда гьев божизавизе. МухIамадил рекIелъе нух рагьун, гьесул бищунго божарав гьудул-гьалмагълъун чIун хIатта цадахъ гIелму лъазабизе лъугьун ингилисас гьев дагь-дагькккун къосиналъул нухде вачана, исламалъ какарал пишабазде вазавуна. Узухъда, камичIо гьесул нух тIаса бищарал, гьесда хадур рильлъунелги.

Живго МухIамадил эмен ГIабдулвагьаб вукIана лъикIал гIалимзабаздаса цояв. Гьес абулеб букIун буго гьав жиндир вас МухIамад нахъа къосизе вугин ва гьес гIемерал гIадамалги къосизаризе ругин. Гьединго вац Сулайманицаги нахъчIвалеб букIун буго МухIамадил пиша. Гьелъул хIакъалъулъ гьес тIехьги хьван буго.

Щиб хьвадизабулел чагIиха гьел вагьабиял кколел? Гьез хварав чиясул хабада Къуръан цIализе, гьесда хадуб садакъахайрат гьабизе биччаларо, вализабазул, шайихзабазул хабалазда зиярат гьаби гьукъула, тIарикъат нахъчIвала, гьеб хIалтIизабулел муридзаби мушрикинал-капураллъун рикIкIуна. Гьез ункъавго имамги, гьезул мазгьабалги малъуларо, гьезул рагIуда нахъ рильлъунаро.

ГIабдулвагьабил вас МухIамадица жинда нахърильлъунел чагIи нахъ чIвалел рукIун руго аварагасде (с.гI.т.с.) свалат битIиялдаса, фикъгьиялъул, тафсиралъул, хIадисазул тIахьал цIалиялдаса. Гьез Къуръаналъул магIнаги гьабулеб букIун буго жидеего бокьараб къагIидаялъ. ХIатта гьезул цо-цояз гьаб жиндир гIанса МухIамад аварагасдаса (с.гI.т.с.) лъикIаб бугин, гьебни борохь-жо чIвазениги пайдаялъе батулин, аварагин абуни хун вугин, гьесул пайда щибинцин абулеб букIун буго.

Гьале ГIабдулвагьабил вас МухIамад хун 2 сон буго, амма Басра шагьаралда гьесул квербакъигун Англиялъ чIараб зазил хьарахъалъ жакъаги кьогIаб пихъ кьолеб буго. Бицунеб хабар хисаниги, хIалтIул къагIидаби батIиял тIаса рищаниги, масъалаби долго руго- дунялалда тIад кверщел гьабизе БакътIерхьул рахъалъул къасдазе аслияб кваллкваллъун бугеб ислам чучлъизаби, бусурбабазул агьлуялда гьоркьор рикьалаби лъугьинари, питна бекьи. Жакъа гьеб мурадалъе харж гьарулел руго нус-нус миллионал долларал, гьелъие хIалтIизабулеб буго пропагандаялъулабгун агитациялъул тIолабго гуч. БакътIерхьул идеологаз жигар бахъулеб буго исламги терроргги цогояб ишлъун бихьизабизе, бищунго ракълилаб, сабруялде ахIулеб диналдаса дунялалъул миллионал гIадамазул ракI буссинабизе.

Жакъа БакътIерхьул рахъалъ вагьабизмалъул хIаракаталдаса пайда босулеб буго Россиялда питна бекьиялъеги улкаялъул цоголъи биххизабиялъеги.

Гьеб нилъеда якъинго бихьула Северияб Кавказалда бугеб ахIвал-хIалалдасаги, Чачаналъул мисалалдасаги, гьелъие гвангъарал мисалаллъун руго 1999 соналъул августалъулал лъугьа-бахъиналги.

КигIанги щулиял кьалбал риччан руго вагьабизмалъ Дагъистаналдаги. Гьез жидерго хIалтIул къагIида хисизабун буго, цIодорго хIалтIулел руго, улкаялда ругел захIмалъаби, цо-цо тIадчагIазул мекъал, законалде данде кколарел ишал, нилъерго хIалтIулъ ккарал гьалатIалги хIисабалде росун жидерго кьеразулъе цIияцIиял гIадамал, хасго гIолилал цIалел руго.

1999 соналъул лъугьа-бахъиназ гьел кантIизарун гьечIо, нилъеда гьоркьорги рукIун жидерабго гьабулел руго. Гьединлъидал улкаялъул халкъалъул къисматалъул ургъел гьабулев щивав чиясда тIадаб буго вагьабизмалъул гьод бекизабиялъе, гьелдаса общество бацIцIад гьабиялъе жиндихъа бажарарабщинаб гьабизе.

**Райадминистрациялъул диниял идарабигун хIалтIулеб отдел.**

# РАЙОНАЛДА-«ПОДРОСТОК» АБУРАБ ПРОФИЛАКТИКИЯБ ТАДБИР

ГIун бачIунеб гIелалъе рухIиябгун патриотикияб тарбия-лъай кьей, такъсириял ишазда гьоркьор гьел ккечIого рукIиналдаса цIуни ккола тIоцебесеб иргаялда, эбел-инсул, хадуб учительзабазул, росдал жамагIатазул, администрациязул ва гьединго каназде рахинчIел лъималазул рахъалъа инспекциялъул хIалтIухъабаз тIуразе кколел аслиял масъалабилъун.

Гьединлъидал 21-30 апрелалде щвезегIан районалда унеб буго «Подросток» абураб профилактикияб операция. Гьеб гьабиялъе аслияб гIиллалъунги ккола лъималазе нравственниябгун патриотикияб тарбиялъай кьеялъулаб хIалтIул даража борхизаби. ЦохIо гьелда гIей гьабун чIечIого, нижер инспекциялъ хIалтIи гьабула къаси кватIараб гIужалъ къватIир рукIунел лъимал тIатинариялда, гьезулгун ва гьезул эбел-инсулгун бичIчIи кьеялъулаб гарачIвари гьабиялда.

ДРялъул №69 (18.11 2009 г.) соналъ бахъараб законалда рекъон, 18 соналъул ригьалде рахинчIел лъимал, къаси сагIат анцIго тIубаралдаса радал сагIат анлъго тIубазегIан, эбел-эмен цадахъ гьечIого къватIир рукIине гьукъараб буго, гьелъие чIезабураб тамихIги буго.

Гьединго нижер инспекциялъ хал ккола школазде цIализе хьвадуларел цIалдохъабазда хадуб.

Гьаб соналда гьеб рахъалъа гьабураб хIалтIул хIасилазда хадуб, школазде цIализе лъимал хьвадичIолъиялъул 40 хIужжа тIатана. Гьезул эбел-эмен цIана административияб тамихIалде.

Р о с с и я л ъ у л Ф е д е р а ц и я л ъ у л Президент В. В. Путиница бахъараб хIукмуялда рекъон, школалда цIализе хьвадун 11 класс лъугIизабищивав цIалдохъанасда тIадаблъун гьабун буго.

5.35 административияб кодексалъул статьялда рекъон, школалде лъимал цIализе хьвадичIолъиялда бан, гьезул эбел-инсуда тIад бан гIакIаби лъезе законалъ ихтияр кьун буго.

Гьединлъидал, эбел-инсуда гьари буго, саназде рахинчIел лъималазе, рухIиябгун патриотикияб тарбия-лъай кьеялде кIвар кьеян. Гьезул рокьи бижинабе захIматалде, рокьухълъи бижинабе кIвахIаллъиялде, такъсирчилъиялде.

***К. ДИБИРОВ,***
***ПДНалъул инспекторасул ишал тIуралев, полициялъул капитан.***

# *программа*

## колонка прокурора

# Федеральным законом от 28.12.2013 № 441-ФЗ внесены отдельные изменения и дополнения в Федеральный закон «Об исполнительном производстве»

С 10 января 2014 года увеличен минимальный размер исполнительского сбора, который устанавливается в размере не менее 1 тыс. рублей с должника - гражданина или должника - индивидуального предпринимателя и 10 тыс. рублей с должника - организации. В случае неисполнения исполнительного документа неимущественного характера исполнительский сбор с должника - гражданина или должника - индивидуального предпринимателя устанавливается в размере 5 тыс. рублей, с должника - организации - 50 тыс. рублей. Таким образом, в некоторых случаях сумма исполнительского сбора при неисполнении требований исполнительного документа добровольно может значительно превышать сумму задолженности.

В качестве мер принудительного исполнения дополнительно вводится освобождение нежилого помещения, земельного участка, снос строения,

Принудительное исполнение данных требований производится с участием понятых, а в необходимых случаях - при содействии сотрудников внутренних дел.

Введена норма, предусматривающая запрет на повторное предъявление исполнительных документов в течение определенного времени. Так, в случае возвращения взыскателю исполнительного документа в связи с отсутствием у должника имущества, за счет которого возможно исполнить требования исполнительного документа, он может быть предъявлен повторно не ранее шести месяцев со дня вынесения постановления об окончании исполнительного производства.

**А.АЗИЗОВ, помощник прокурора**

# ОБЪЯВЛЕНИЕ

В ГУ-УПФР проводится предварительная работа в целях полного своевременного назначения трудовых пенсий гражданам.

Мужчинам 1954 года рождения и женщинам 1959 года рождения необходимо подойти в Ботлихский Пенсионный Фонд в кабинет №7.

Иметь при себе следующие документы:

**-паспорт;**

**-страховое свидетельство;**

**-трудовую книжку;**

**-военный билет;**

**-свидетельство о браке для женщин;**

-если имеются периоды работы, не внесенные в трудовую книжку, следует представить утверждающие документы (справки, договора и т.п.)

Режим работы: с 8.00 до 18.00.

**Адрес: с. Ботлих ГУ-УПФР в Ботлихе, кабинет №7.**

Все справки по телефону: **8963 429 99 95**

# Информационное сообщение о передаче муниципального имущества в аренду

На основании распоряжения администрации СП «сельсовет Ботлихский» от 15.04.2014г. №27 на конкурсной основе путем проведения открытого по составу участников аукциона проводится передача в аренду административного здания и гаражей производственной базы «КIалахъ», являющихся собственностью СП «сельсовет Ботлихский».

**ЛОТ №1**. Передача в пользование на правах аренды зданий расположенных в с. Ботлих, Ботлихского района. Общая площадь помещений 175,3м2

Начальная цена -9 992 рублей в год

Форма подачи заявок – закрытая (в конвертах)

Заявки подаются в течении 25 дней со дня опубликования настоящего сообщения по адресу организаторов аукциона с. Ботлих Ботлихского района здание районной администрации, 3-этаж, кабинет отдела по управлению муниципальным имуществом и землепользованию в рабочее время с 8. 00 до 17. 00.

Размер задатка 992 руб. 20 коп вносится кассу администрации СП «Сельсовет «Ботлихский»

Перечень подаваемых документов указан в аукционной документации, а так же может быть представлен бесплатно организатором торгов.

Срок заключения договора аренды – через десять дней после подведения итогов аукциона.

Подробно ознакомиться с аукционной документацией можно на сайте в сети интернет по адресу: http:// torgi.gov.ru.

Победителем признается претендент, предложивший наибольшую цену за предмет торгов.

Организатор торгов – отдел по управлению муниципальным имуще-ством и землепользованию администрации МР «Ботлихский район».

***Начальник отдела***
***Х. Хайбулаев***

# «Охрана труда при использовании химических веществ на рабочих местах»

Химикаты играют ключевую роль в современной жизни и будут по-прежнему производиться и использоваться на рабочих местах. С помощью согласованных усилий национальных правительств, работодателей, трудящихся и их организаций (профсоюзов) можно достичь рационального регулирования применения химических веществ.

Производство и использование химических веществ на рабочих местах по всему миру является одной из наиболее значительных проблем в программах защиты работников на рабочих местах. Химические вещества необходимы для жизни: от пестицидов, которые улучшают качество пищевой продукции, к фармацевтической продукции, которая излечивает болезни, и чистящим средствам, которые помогают соблюдать гигиенические условия. Химические вещества также являются важной частью многих промышленных процессов. Тем не менее, контроль экспозиции химических веществ на рабочем месте, а также ограничения выбросов в окружающую среду, являются первостепенными задачами, которые поставлены перед правительствами, работодателями, профсоюзами и работниками.

На протяжении многих лет в области химической безопасности проведена большая работа. Тем не менее, несмотря на значительный прогресс, достигнутый в последние годы в части регулирования и управления процессами создания химических веществ, правительства, работодатели и работники продолжают прилагать свои усилия по минимизации негативных последствий использования опасных веществ на национальном и международном уровнях. Как и каждый год, МОТ подготовила доклад, в котором содержится призыв к правительствам, работодателям, работникам и их организациям к сотрудничеству в разработке и реализации национальной политики и стратегий, направленных на безопасность при использовании химических веществ на производстве. МОТ признает, что надлежащий баланс между преимуществами использования химических веществ, а также профилактических и контрольных мер регулирования использования химических веществ является необходимым и может быть достигнут согласованными усилиями со стороны правительств, работодателей и работников и их организаций.

***Абдурашидов Г.Н.***
***Инспектор ЦЗН***

# СУББОТНИК ТIОБИТIАНА

Санайилго гIадин, гьаб соналъул 19 апрелалдаги Шодрода росулъ тIобитIана субботник. Субботникалда гIахьаллъи гьабурал школалъул цIалдохъабазулги росдал гIадамазулги цадахъаб хIаракатчилъиялдалъун р и щ н и - к ъ у л а л д а с а рацIцIад гьаруна хабал ва нухал. Хабалазда букIараб гIучI-хер цIа лъун бухIана.

Гьединал субботникал тIоритIиялъ росдал къватIал рищни-къулалдаса рацIцIалъила, гIадамазда гьоркьобин абуни гьуинлъи, гьудулгьалмагълъи щулалъила.

***З. ГIУМАРОВА.***


*Газета гIуцIарал:*
*Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив*

*Учредители:*
Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

**БетIерав редактор**
**ГI. ГIумаханов**

**Редакторасул заместитель**
**А. Агъларов**

**Жавабияй секретарь**
**З.ГIумарова**
**Отделалъул редакторал**
**Ш. Лабазанов**
**П. Дибирова**

**ГЬУДУЛЛЪИ**
*Тираж 1000*

**Мухбирзаби**
**З.МухIамадова/М.ГIумаханова**

**Наборщица**
**П. Эльдарова**

**Фотокорр.**
**Ш.Муртазалиев**

**Дизайнер**
**А. Назирбекова**

**Программист**
**А. Ибрагьимова**

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ. Регист. ПИ № 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цоги ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*